

MAKONNEN

pwoje inisyasyon nan mache jadinaj nan 2 lekòl fondamantal (debaz)

Objektif jeneral:

Amelyore sekirite alimantè ak nitrisyon 100 timoun lekòl avèk tout fanmi yo nan lokalite laval, okay, ayiti.

Objektif espesifik:

1. entrodwi aplikasyon mache jadinaj la nan de (2) lekòl fondamantal nan lokalite laval.
2. Garanti sekirite alimantè san (100) timoun lekòl ak tout fanmi yo nan lokalite aval la.
3. Fome san (100) timoun lekòl atravè seyans fomasyon sou teknik pou kiltivasyon legim, konpostal ak valè nitrisyonèl legim yo.

Kontèks pwojè a

31% nan popilasyon ayisyen an ki an aktivite travay nan agrikilti, li te estime an 2012. Bank mondyal rapote 64% sèlman nan tè ayiti yo ki itilize pou fè agrikilti ak sèlman 50% nan popilasyon an ki depann de agrikilti pou yo siviv. Pandan se 42% nan popilasyon an ki ap viv nan zòn riral yo.

Ayiti klase 168 pami 187 peyi selon (l'index de Développement des nations unies) an 2014. 62% nan 10 milyon abitan li yo ap viv anba liy povrete a, avèk 1.25 dola ameriken pa jou, apeprè 12% nan timoun ki gen mwens ke 5 ane yo ap malnouri (malmanje).

Pwojè sa fè pati inisyatif oganizasyon **MAKONNEN** nan lide pou ogmante sekirite alimantè an ayiti. Pou entrodwi jèn timoun lekòl yo nan agrikilti epi pou ekilibre rejim alimantè fanmi yo, mache jadinaj la reprezante yon bon avantaj pou kiltivatè nan tout mond lan. Legim fre yo se sous anpil vitamin, eleman nitritif yo, mineral yo ak fib yo. pwojè sa anvi kontribye anpil nan mitan benefisye yo yo:

1. aplike mache jadinaj la la nan espas ki rezeve sou teren lekòl la;
2. pemet timoun lekòl yo byen nourri tet yo e menm manm nan fanmi yo;
3. pote pou timoun lekòl yo yon aktivite ki pral pemet yo goute fri yo depi lekòl la.

Estrateji pwojè a:

Pwojè sa pral chita andan moso te yo kite yo ak founi pa lekòl benefisye yo nan vilaj laval la ki sitye de 12 km de vil okay, chef lye depatman sid. 100 timoun lekòl pral seleksyone pou yo ka benefisye

direk pwoje sa a. Chak lekol pral gen pou yo plante anviron 1000 m² te plant potaje nan lide pou asire sekirite alimante elev benefisye li yo ak pou vann sou mache lokal la.

Benefisye endirek yo se manm fanmi timoun lekol yoki patisipe nan pwoje a. Total benefisye endirek yo se 500 moun.

Kategori benefisye yo	Direk yo	Endirek yo
timoun lekol yo	100	
fanm yo		100
gason yo		100
timoun yo		300

legim nap gen poun plante yo se:

1. berejen (solanum melongena)
2. chou (brassica oleracea)
3. karot (daucus carota)
4. konkonm (cucumis sativus)
5. betrav (beta vulgaris)
6. leti (lactuca sativa)
7. pwavon (capsicum annuum)
8. piman pike (capsicum frutescens)
9. melon dlo (citrullus lanatus)
10. epina (amaranthus esculentus)
11. gombo (abelmoschus esculentus)
12. tomat (solanum lycopersicum)

Fomasyon pwoje a pou benefisye yo enpotan tou. Avek, sesyon fomasyon yo pral komanse yo nan avantaj sa yo tankou;

1. teknik pou granti plant legim yo.
2. konpostaj.
3. vale nitrisyonel legim yo.

Aktivite prensipal yo kenbe yo se:

- Seleksyon benefisye yo pa zon.
- seleksyon te pou travay yo.
- rekritman ekzekitif pwoje a.
- achte materyel ak zouti pou jere plant yo.
- sipevizyon aktivite pwoje a.
- reyalize 6 sesyon fomasyon nan zon pwoje a.
- preparasyon pil konpostaj yo.
- etablisman sit pepinye lekol yo.
- pran swen pepinye yo.

- prepare sol yo.
- transplantasyon moso te jaden yo.
- swen moso te jaden yo.
- kontinye ak evalyasyon.
- rekolte ak marketing.

Benefisye pwoje a se sitou 100 timoun lekòl ki ap viv nan lokalite laval la.

Dire ekzekisyon pwoje a:

tan pou entrodwi mache jadinaj la nan 2 lekòl fondamantal nan laval la ap pran anviron 6 mwa. SA vle di nap gen pou nou fe benefisye yo fe chansman antre yo menm chak ane jiskaske nou ogmante benefisye direk yo.

KRONOGRAM AKTIVITE YO

	periyod	periyod	periyod	periyod	periyod	periyod
AKTIVITE YO	1 ^{ye} mwa	2 ^{em} mwa	3 ^{em} mwa	4 ^{em} mwa	5 ^{em} mwa	6 ^{em} mwa
Mobilizasyon						
fòmasyon benefisye yo						
preparasyon tas konpos yo						
espas pou pepinye yo						
swen ak antretye pepinye yo						
preparasyon sol yo						
transplantasyon moso te jaden yo						
swen ak antretye te jaden yo						
sipèvizyon aktivite yo						
kontinye ak evalyasyon						
rekolte ak marketing						

Bidje pwoje a:

Vale total aktivite sa a se nan lod 410,050 goud oswa 3,106 dola ameriken nan pousantaj 1 dola ameriken=132 goud

Detay bidje a

RIBRIK YO	KANTITE	PRI INITE an goud	PRI TOTAL an goud	
Anplwaye				
Administrate pwoje a	1 x 6 mois	25 000	150 000	
sous-total			150 000	
zouti agrikol yo				
bereje	1 liv	1 500	900	
betrav	1 liv	1 400	850	
kalalou	1 liv	1 000	600	
karot	1 liv	1 300	1 000	
chou	6 sache	1 000	6 000	
konkonm	1 liv	1 200	1 200	
epina	1 liv	900	900	
leti	1 liv	1 500	1 500	
melon dlo	½ liv	1 200	1 200	
piman pike	10 sache/10g	500	5 000	
pwavon	½ liv	1 500	1 500	
tomat salad	½ liv	2 000	2 000	
tomat tijoslin	½ liv	2 000	2 000	
pel + manch	2	1 000	2 000	
bouwet	2	15 000	30 000	
awozwa	2	2 000	2 000	
rato	2	1 000	2 000	
riban metrik 7.5m	2	800	1 600	
manchet	2	900	1 800	
ponp aspesyon	2	5 000	10 000	
anba total			74 050	
fomasyon				
manje/ moun	6 x 100 elev	150	90 000	

anba total			90 000	
transpo				
fre transpo	8x6 mwa	2 000	96 000	
anba total			96 000	
gran total			410 050	
			3 106 dola ameriken	

to 1 dola=132 goud